

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal

Dire: 2 zè

Byodivèsite

Lanati se tankou yon gwo kay tout kretyen vivan bezwen pou viv. Solèy, tè, lè n ap respire, larivyè, letan, lanmè, tout kalite pant ak pyebwa, tout kalite bèt ak zannimo, tout sa nou santi, tout resous ki anba tè, tout resous anba lanmè, se tout bagay sa yo ki fòme lanati. Gen anpil bagay nou pa wè paske yo tèlman piti je nou pa ka wè yo. Gen anpil lòt bagay nou pa kapab tande paske zòrèy nou pa devlope ase pou n tande yo; men, nou byen konnen yo la paske lasyans bay prèv yo la, tout sa nan lanati. Nou menm kòm kretyen vivan, yo di nou se wa lanati. Yon wa yo pa te bay pouvwa pou krazebrize men, ki te la pou òganize, pwoteje e amelyore anviwònman an.

Nou tout, nou konnen yon mango viv, yon pye zaboka viv, yon pye lalwa viv, yon touf gazon viv, yon pye dyondyon viv, yon koulèv viv, yon tòti viv, yon mikwòb viv, yon kretyen vivan viv. Divès kalite bagay sa yo, sou late, ki gen la vi ladan yo, tèlman anpil (ant 13 al 14 milyon espès), espesyalis k ap etidye yo mete yo dakò, antann yo, pou sèvi ak yon mo ki rele byodivèsite, pou pale sou yo tout ansanm.

Se Thomas Lovejoy ki te premye parèt ak mo divèsite biyolojik la nan lane 1980. Premye fwa mo biyodivèsite a pral parèt se nan lane 1988. Antomolojis ameriken ki rele E.O. Wilson pral sèvi ak li kòm tit kontrandi yon gwo fowòm ki te òganize nan lane 1986 sou divèsite biyolojik. Ekspè yo te wè mo byodivèsite a t ap pase pi byen sou plan kominikasyon pase mo divèsite biyolojik la.

Depi 1986, byolojis, ekològ, dirijan ak sitwayen yo sèvi anpil ak tèm sa a. Fòk nou di tou, moun yo sitou sèvi ak tèm sa nan moman yo vin kòmanse pran konsyans genyen kèk espès nan lanati ki komanse disparèt nan 10 dènye lane nan 20^{èm} syèk la.

An Jen 1992, gwo brase-lide anpil peyi sou planèt la ki t ap fèt nan vil Riyo nan peyi Brezil, te moman kote tout moun vin pran plis konsyans sou kesyon divèsite a epi yo pral chèche konprann fenomèn sa a pi byen.

Se nan konvansyon sou divèsite biyolojik ki te fèt 5 jen 1992 la, yo te rive defini divèsite biyolojik la.

Konsèy nou ta ba ou se ‘‘ Pwoteje tout espès ki nan lanati se pwoteje ekilib planèt la’’.

François Séverin, 2002, Plant ak Pyebwa tè d’Ayit, Adaptasyon otè yo

Premye Pati / (8 pwen pou chak bon repons)

A- Konprevansyon tèks

- Ki rezon espesyal ki fè ekspè yo te chwazi tèm: «divèsite biyolojik»?
- Ki lè tout moun te pran plis konsyans sou kesyon divèsite biyolojik la?
- Bay pou pi piti yon bagay ki nan lanati nou pa ka wè men, lasyans bay prèv yo egziste.
- Rezime nan yon fraz metye ak nasyonalite moun ki te sèvi ak mo “Byodivèsite” a kòm tit yon kontrandi.
- Pami tout bèt (animal) ki gen sou tè a kiyès ki wa lanati.

Dezyèm Pati

B- Gramè- Vokabilè- Tradisyon

- Ranpli tablo sa a selon gwoup predika ou jwenn nan fraz sa yo. (6 pwen)
 - Bò kay papa m nan gen anpil pyebwa.
 - Yo di nou se wa lanati.Ch) Direktè a nan lise a kounye a.
 - Mekanisyen an ranje machin nan nan garaj la.

Tablo pou ranpli a

Fraz	tip predika
Fraz a	
Fraz b	predika vèbal
Fraz ch	
Fraz d	

2- Tradui fraz sa yo an fransè:

- Lanati se tankou yon gwo kay tout kretyen vivan bezwen pou yo viv. (4 pwen)
- Konsèy nou ta ba ou se “ Pwoteje tout espès ki nan lanati se pwoteje ekilib planèt la” (4 pwen)

3- Jwenn nan tèks la yon konektè lojik ki entwodui yon sibòdone sikonstansyèl kòz epi konstwi yon fraz pa w ak konektè a. (8 pwen)

4- Ki diferans ou fè ant yon fraz kowodone ak yon fraz sibòdone? Bay yon egzanp fraz pou chak. (8 pwen)

5- Anplwaye chak pè mo omofòn anba yo nan yon fraz pou ou montre yo pa gen menm siyifikasyon. (10pwen)

- a) te; te b) vè; vè ch) men; men

Pwodiksyon tèks (20 pwen)
Chwazi youn nan sijè sa yo

- Ou konstate bò lakay ou fin tounen dezè. Peyizan tanmen koupe pyebwa pou fè chabon ak pou yo vann. Imagine ou te mennen ankèt e ou te jwenn vrè rezon ki fè yo t ap fin koupe tout pyebwa. Ekri yon rapò epi bay responsab Ministè Agrikilti ak Resous Natirèl yo kèk konsèy.
- Ekri yon lèt pou voye bay komisyon kazèk sikonskripsyon w nan. Ba yo anpil konsèy sou pwoteksyon ak enpòtans lanati pandan w ap eksplike yo sa pawòl anba vle di:
«Pwoteje tout espès ki nan lanati se pwoteje ekilib planèt la.»